

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran dina bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan nyoko kana data, wanda, adegan jeung patali harti antarunsur frasa sifat dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah. Data frasa sifat nu kapanggih aya 137 frasa.

Kadua, wanda frasa sifat nu kapaluruh dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah aya dua, nya éta (1) frasa éndoséntrik koordinatif jeung (2) frasa éndoséntrik atributif. Data nu kapaluruh aya 7 frasa sifat nu kaasup kana frasa éndoséntrik koordinatif, jeung aya 130 frasa sifat nu kaasup kana frasa éndoséntrik atributif. Anu hartina dina ieu novel leuwih loba frasa anu henteu dikantétkeun ku kecap panyambung.

Katilu, adegan frasa sifat nu kapaluruh dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah aya 7 pola, nya éta pola I KS-1 + <katut/jeung/tur> + KS, pola II KS-1 + <atawa> KS-2, pola IV (<rada/leuwih/mani>) + KS + (<naker/pisan/teuing>), pola VI <kacida/pohara> + KS + <-na>, pola VII <beuki/tambah> + KS, pola VIII <henteu/acan/moal> + KS, jeung pola IX KP + KS. Data nu kapaluruh lolobana dina pola IV, nya éta KP (rada/leuwih/mani) + KS + (naker/pisan/teuing), anu hartina dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah lolobana ngagunakeun frasa sifat anu ngagunakeun kecap panambah nu nuduhkeun tingkatan, nya éta *rada*, *leuwih*, *mani*, *naker*, *pisan*, jeung *teuing*, jeung euweuh frasa sifat nu ngagunakeun kecap panambah boh, aya ku, jeung carék ku.

Kaopat, patali harti antarunsur frasa sifat nu kapaluruh dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah aya 7 nya éta (1) jumlah, (2) pamilih-1, (3) tingkat-1, (4) tingkat-3, (5) undak, (6) pamungkir, jeung (7) aspék. Data nu kapaluruh lolobana kaasup kana frasa tingkat-1 nya éta aya 70 frasa, anu hartina dina ieu novel leuwih loba frasa sifat anu dipiheulaan ku

kecap panambah mani, leuwih rada atawa/jeung dituturkeun ku kecap panambah naker, pisan, jeung teuing nu nuduhkeun tingkatan, jeung euweuh frasa sifat pamilih-2 nya éta frasa sifat anu ngagunakeun kecap panambah boh jeung frasa sifat tingkat 2 nya éta frasa sifat anu ngagunakeun kecap panambah aya ku jeung carék ku.

5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa nambahan jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang sintaksis, utamana ngeunaan frasa sifat, boh ngeunaan wanda, adegan, jeung patali harti antarunsurna. Dina kahirupan sapopoé, utamana pikeun nu maca ieu panalungtikan bisa méré déskripsi frasa sifat dina novel *Sabobot Sapihanaéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah minangka kabeungharan pangaweruh basa Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan anu geus dipedar di luhur, aya sababara rékoméndasi anu aya patalina jeung panalungtikan anu ditétélakeun ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan medar ngeunaan frasa sifat dina novel *Sabobot Sapihanaéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan frasa ngagunakeun tiori-tiori anu séjén.

Kadua, tiori ngeunaan frasa geus kawilang loba nu medar, ku kituna dipiharep pikeun panalungtikan séjén bisa nalungtik ngagunakeun kolaborasi antara tiori-tiori nu geus nyampak.